Салих1 Салих1овасухъе рагьараб кагъат

Салих1, дов дур гьудул

Г1андисев хунищ,

Гьабураб къот1уе

Мун хилиплъарав?

Яги г1иналдаса

Бер цебейилан,

Дурго чохьодаса

Т1ок1лъич1огонищ?

Бер-рак1 ссуданин дир,

Мохмохги босун

Вач1унго щоларев

Духъги балагьун.

Чан х1исаб гьабич1еб

Гъасда г1одов ч1ун,

Нухда щиб квалквалдай

Дуе кканаян.

Хъачагъал г1емераб

Шагьар Хасавюрт,

Мохмохги бахъун мун

Вухун ватилин.

Вухунцин теч1огон,

Талих1къадаца,

Заложниклъун  восун

Ватич1онийин.

Гуребани  дихъе,

Вуц1ц1ун ч1еч1огон,

Цо  звонокг1аги гьас

Гьабилаанин.

Жиндир  кьураб  раг1и

Хвеялъе  г1илла

Гьадинаб  кканилан

Бицен  гьабизе.

Алмахъ журналалда

Сурат бахъидал

Лъана сах-саламат

Мун ч1аго вук1ин.

Монголасул г1адин

Бералги руго,

Гуржи миликг1адин

Габурги буго.

Киг1ан шапка дуца

Т1аде ц1аниги,

Мохмох букъараб куц

Лъала бихьигун.

Лъик1аб къимат кьола

Мун лъалез дуе,

Математикаялъе

Лъик1ав вук1анин.

Амма дирго пикру

Бат1ияб ккана:

Бикьи лъалеб гьеч1ин,

Гьудул, дудайин.

Гьеб пикру мекъаблъун

Гьабила дица,

Дудаги гьарила

Т1аса лъугьаян,

Бокьани г1андисес

Болъихъа бит1е,

Бокьани дуцаго

Цо куй хъун бит1е,

Дир гъобе цо лъик1аб

Мохмох щвезабе,

Гьаб маг1арул допинг

Дуе бугилан.

Н.Алмакский